

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Nurutkeun Amir Suyatna (2002:14), ieu méthode digunakeun pikeun méré gambaran sacara *sistematis, faktual, akurat* ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu.

Méthode déskriptif nya éta salasihiji méthode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan nempuh léngkah-léngkah, ngumpulkeun, ngaklasifikasikeun, analisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan jeung nyieun laporan. Dipilihna ieu méthode, sangkan bisa leuwih museur dina ngungkulan masalah-masalah nu keur disanghareupan.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku dua rupa, nya éta (1) téhnik ngumpulkeun data, jeung (2) téhnik ngolah data.

3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu di gunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés nya éta saruntuyan pertanyaan atawa latihan jeung alat nu lianna anu digunakeun pikeun

ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh, atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 1996:127).

Téhnik tés dina ieu panalungtikan gunana pikeun ngukur tingkat kamampuh ngalarapkeun éjahan siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung. Tés anu dilaksanakeun nya éta nyieun karangan éksposisi dina basa Sunda.

Arikunto (1996) nétélakeun yén pamekaran *one shot* modél téh nya éta pamekaran anu ngagunakeun sakali ngumpulkeun data dina saharita.

Dina ieu panalungtikan, data dina wangun karangan éksposisi dikumpulkeun saharita. Jadi, ieu panalungtikan maké pamekaran *one shot* modél.

3.1.2.2 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data mangrupa léngkah anu paling penting dina kagiatan panalungtikan. Sabab, data kurang aya hartina lamun masih kénéh mangrupa data nu atah, hartina acan atawa henteu diolah. Sangkan data aya hartina jeung implikasina, kudu dirumuskeun mangrupa kacindekan.

Ieu panalungtikan maké métode déskriptif, téhnik ngolah datana nya éta risét déskriptif anu sipatna éksploratif. Ku lantaran wangun datana kuantitatif, téhnik ngolah datana nya éta dibandingkeun sarta dijumlahkeun jeung jumlah anu dipiharep, tuluy diperséntasekeun (Arikunto, 1996:144).

1) Analisis Naskah

a. Meunteun kamampuh siswa

$$N = \frac{\Sigma B}{\Sigma T} \times 100$$

N = perséntase kamampuh siswa

ΣB = jumlah éjahan anu bener

ΣT = jumlah sakabéh éjahan dina karangan

b. Nangtukeun Patokan

Tabél 3.1

Nangtukeun Patokan ku Cara Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval Perséntase Tingkat Ngawasa	Nilai Ubah Sklala Lima		Katerangan
	0 - 4	E - A	
75% - 100%	4	A	Alus Pisan
65% - 74%	3	B	Alus
55% - 64%	2	C	Cukup
45% - 54%	1	D	Kurang
0% - 44%	0	E	Goréng

(Burhan Nurgiyantoro, 2001:393)

2) Analisis Ngalarapkeun Éjahan dina Karangan

Analisis ngalarapkeun éjahan ngagunakeun ukuran préstasi nu dihontal ku siswa dina hiji kelompok.

$$\text{Indéks préstasi kelompok} = \frac{X}{\text{Skor Mak}} \times 100$$

(Burhan Nurgiyanto, 2001:405)

a. Kamampuh makéna aksara

$$Lma = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah makéna aksara anu bener

Y = jumlah makéna aksara anu dipaké

Lma = perséntase larapna makéna aksara

b. Kamampuh nuliskeun aksara

$$Lna = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = jumlah nuliskeun aksara anu bener

Y = jumlah nuliskeun aksara anu dipaké

Lna = perséntase larapna nuliskeun aksara

c. *Kamampuh nuliskeun kecap*

$$\text{Lnk} = \frac{X}{Y} \times 100$$

- X = jumlah nuliskeun kecap anu bener
 Y = jumlah nuliskeun kecap anu dipaké
 Lnk = perséntase larapna nuliskeun kecap

d. *Kamampuh nuliskeun unsur serepan*

$$\text{Lus} = \frac{X}{Y} \times 100$$

- X = jumlah nuliskeun unsur serepan anu bener
 Y = jumlah nuliskeun unsur serepan anu dipaké
 Lus = perséntase larapna unsur serepan

e. *Kamampuh ngagunakeun tanda baca*

$$\text{Ltb} = \frac{X}{Y} \times 100$$

- X = jumlah tanda baca anu bener
 Y = jumlah tanda baca anu dipaké
 Ltb = perséntase larapna tanda baca

3.2 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.2.1 Populasi

Nurutkeun Arikunto (1996:115), populasi nya éta sakabéh subjék anu baris ditalungtik. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh karangan éksposisi nu di tulis ku siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.

3.2.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa wakil tina populasi anu ditalungtik (Arikunto, 1996:104). Sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII A SMP Pasundan 3 Bandung salaku kelas pilihan.

Nangtukeun sampel saperti di luhur ngagunakeun téhnik *purposive sample*, nya éta nangtukeun sampel dumasar kana tinimbangan-tinimbangan anu tangtu (Arikunto, 1996:128). Alesan digunakeunana ieu penyamplingan téh lantaran siswa kelas VII A salaku kelas pilihan, dianggap bisa leuwih hadé narima pangajaran jeung bisa leuwih hadé nyieun karangan éksposisi ti batan kelas-kelas séjénna.

Arikunto (1996:120), nyebutkeun yén lamun subjekna kurang ti 100, leuwih hadé maké panalungtikan populasi, lamun subjékna loba bisa ditalungtik 10%-15% atawa 20%-25%. Sakabéh jumlah siswa kelas VII nya éta 350 siswa, jumlah siswa kelas VII A nya éta 35 siswa, jadi sampel anu ditalungtik 10% tina populasi.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa tés, tés anu digunakeun nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan ngaliwatan nyieun karangan éksposisi jeung menerkeun karangan, nu diukurna nya éta tés kamampuh makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung ngagunakeun tanda baca.

Tés Ngarang

Jieun karangan anu sarat-saratna ditéélakeun ieu di handap.

- 1) Téma karangan : Melak Kekembangan
- 2) Warna karangan : Éksposisi
- 3) Panjang Karangan : Minimal 4 paragraf
- 4) Pigawé kalawan ngagunakeun éjahan anu bener.

Tés Menerkeun Karangan

Pék benerkeun ieu karangan, kalayan ngagunakeun éjahan anu bener!

leuweung sancang ruksak diranjah

leweg sancangteh ka wentar na henteu ngan sawates dijava barat wungkul tapi deih ditingkat nasional malahan internasional ari anu jadi sabab ka sohornamah lantaran didinyateh aya tutuwuhan anu ges langka diantarana kai kaboa jeng maranti berem

iueu leuweng sisi basisir anu lokasi na dipakidulan kabupaten garut teh ges jadi cagar alam legana kurang lewih 2157 hektar didinya aya rebuan jenis tutuwuhan kitu dei sasatoan nana anu ka sohor tisanancang teh diantaranya maung jeng banteng lianti eta oge ruparupa manuk anu didaerah sejen mah ges langka upama wae julang jeng merak

tepi kataun 1970an mah leweng sancang teh masih keneh gerotan te bisa sagawayah lamun rek asup kaleweng sancangteh lantaran kudu menta idin hela ka bksda badan konservasi sumber daya alam memang kitu aturanna kacagar alam mah te saban jalma bisa blasblus

tapi eta aturan teh ayena ges mindeng pisan di rempak leweng sancang beak di ranjah kaina di taluaran sasatoanna di baroro anu ngaranjah leweng terus maralingan kai teh lain ngan ukur warga masyarakat biasa wae tapi deih jeung ocnun patugas na puguh wae lewengteh ruksakna jadi tambah parna cagar alam anu kudu na di rumat kalah der di galaksak

3.4 Léngkah-léngkah Garapan

Léngkah-léngkah anu dipilampah dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah poko nya éta 1) tahap tatahar, 2) tahap ngumpulkeun data, 3) tahap ngolah data, jeung 4) tahap nyusun laporan.

a. Tahap Tatahar

- 1) nyodorkeun judul panalungtikan
- 2) nyusun rarancang panalungtikan

- 3) ngayakeun talaah pustaka
- 4) nangtukeun sumber data
- 5) ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

b. Tahap Ngumpulkeun Data

- 1) ngayakeun tést kamampuh ngalarapkeun éjahan ngaliwatan nulis karangan éksposisi, jeung menerkeun éjahan
- 2) ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

c. Tahap Ngolah Data

- 1) mariksa sakabéh data nu geus dikumpulkeun
- 2) nganalisis ngalarapkeun éjahan dina karangan
- 3) ngajén kamampuh siswa dina ngalarapkeun éjahan
- 4) ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan
- 5) merséntasekeun kasalahan ngalarapkeun éjahan
- 6) nyieun kacindekan hasil panalungtikan
- 7) ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

d. Tahap Nyieun Laporan

Sakabéh data jeung hasil kacindekan ahir tina ieu panalungtikan satuluyna disusun sarta nyoko kana aturan nu aya dina karangan ilmiah. Anu saterusna nyusun laporan anu mangrupa skripsi, laporanana disusun sacara sistematis.